



Mayor Thomas M. Menino

Fèy Enfòmasyon por Sante Piblik

Boston Public Health Commission
Communicable Disease Control
1010 Massachusetts Avenue, Boston, MA 02118
617-534-5611 (phone) • 617-534-5905 (fax)

Antraks

Kisa antraks ye?

Antraks se yon maladi ki koze pa yon bakteri ki rele *Bacillus anthracis*. Se zannimo ki plis fè maladi fè maladi antraks lan, men moun kapab genyen li tou. Antraks kapab sèvi kòm zam byolojik. Nan fen ane 2001, yo te jwenn kèk ka antraks ki gen rapò ak teworis nan konektikèt, nan vil nouyòk, noujèze, florid ak wachintonn DC.

Kouman moun kapab pran antraks?

Moun kapab pran antraks si li touche li (lè po moun lan blese), si li respire li, oswa nan manje vyann ki kontamine ak antraks. Li pa kontajye. Yon moun ki enfekte pa kapab bay lòt moun li.

Ki sentòm antraks?

Sentòm maladi an depann de kouman moun lan te pran maladi an, leplisouvan sentòm yo parèt nan 7 jou, men yo kapab pran jiska 60 jou pou yo parèt.

- Antraks nan po: Prèske tout enfeksyon antraks fèt lè bakteri an rantre nan po an. Enfeksyon an koumanse pa yon ti boul ki leve nan po an epi li grate, li sanble ak lè yon moustik mòde ou, men nan kèk jou li vin fè zanpoud. Zanpoud lan vin fè ilsè epi li vin tou nwa nan mitan. Si yo ba li tretman lamenn, laplipa moun geri konplètman.
- Si ou rale li nan respire: Nan kòmansman, sentòm yo sanble ak grip ak lafyèv. Apre plizyè jou, sentòm yo vin bay gwo pwoblèm respirasyon ak sezisman. Lontan, moun te konn mouri 1 ou 2 jou apre sentòm yo. Men, nan ka antraks ki te genyen lòdjou yo ozetazini, ak tretman san pèdi tan, plis ke mwatye nan moun ki te respire antraks geri.
- Si ou vale li: Jan de antraks sa a fèt lè moun lan manje vyann ki kontamine. Sa bay plizyè sentòm tankou: kè plen, pèdi apeti, vomisman, lafyèv, epi genyen malvant, vomi san nan bouch, ak gwo dyare.

Èske mwen kapab pran antraks nan men yon lòt moun?

Pa gen moun ki konnen si moun ka pran antraks nan men lòt moun. Se sèl moun ki te pran kontak dirèk ak antraks ki ka vin genyen maladi sa a.

Eske gen vaksen pou antraks?

Pa gen anpil vaksen disponib pou antraks ozetazini, men, anjeneral moun pa pran vaksen pou antraks amwenske yo nan yon gwoup espesyal tankou si yo nan sèvis militè. Se 6 piki vaksen antraks lan ye, sa pran 18 mwa pou pran piki sa yo epi gen lòt piki ankò. Yo pa dwe bay moun vaksen antraks ki fèt pou zannimo.

Eske gen tretman pou antraks?

Doktè kapab preskri antibyotik ki travay kont antraks. Pou li kapab efikas, se pou yo koumanse tretman an bonè. Si yo pa fè tretman, maladi sa a ka mennen a lanmò. Nan eta masachousèt, yo mande pou yo fè depatman lasante konnen lamenn tout ka yo sispèk ki antraks. Nan boston, se pou yo fè rapò tout ka ki sispèk bay depatman sante piblik boston nan 617-534-5611.

**Pou plis enfòmasyon, rele BPHC
Nimewo pou Enfòmasyon sou Bioteworis
BPHC: 617-534-2362
Entènèt: <http://bphc.org>**